kuy dog mbokk du dugg àjjana

Jële nañu ci Jubayru Ibn Muthim -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne dégg na Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «kuy dog mbokk du dugg àjjana».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Leerarug adiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xamle ne ku dog ay mbokkam ca la ñu yayoo ci ay àq, walla lor leen, di ñaawal jëme ci ñoom, kooku yayoowul a dugg àjjana.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5367